**दिन–शनिवार** **दिनांक–19.04.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

जदयूक कार्यकारी अध्यक्ष आ राज्यसभा सांसद संजय कुमार झा दावा कयलनि अछि जे राज्यक जनता विधानसभा चुनाव मे एक बेर फेरो एनडीए सरकार के बहुमत सँ चुनत। पटना मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप करैत श्री झा कहलनि जे डबल इंजन के सरकार सँ बिहार के विशेष लाभ भेटि रहल अछि आ लोकसभ एहि मे कोनो परिवर्तन नहि चाहैत छथि। ओ विपक्ष पर भ्रष्टाचार के नाम पर लोकसभ मे भ्रम पसारबाक आरोप सेहो लगौलनि।

---

राजदक वरिष्ठ नेता आ विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि अछि जे एनडीए सरकारक दरमियान राज्य मे खुलि कऽ भ्रष्टाचार भऽ रहल अछि। श्री यादव पटना मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप करैत आरोप लगौलनि जे जल्दीबाजी मे विभिन्न विभाग सभ मे टेंडर आवंटित कयल जा रहल अछि आ मोट पाइ कमीशन के रूप मे लेल जा रहल अछि। एम्हर, जदयू आ भाजपा एक स्वर मे राजद नेता के बयानक निंदा कयलनि अछि। जदयू के कार्यकारी अध्यक्ष संजय कुमार झा कहलनि जे तेजस्वी प्रसाद यादव के पहिने स्वयं के आ अपन पार्टीक नेता लोकनिक भ्रष्टाचार पर बयान देबाक चाही। ओतहि, भाजपाक वरिष्ट नेता आ उप मुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि जे भ्रष्टाचार के गंगोत्री मे स्नान करऽवला राजद आ महागठबंधन के नेता लोकनि हास्यास्पद बयान दऽ रहल छथि।

---

कांग्रेस पार्टी के राष्ट्रीय अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे काल्हि बक्सर के दलसागर खेल मैदान मे एक जनसभा के संबोधित करताह। पार्टीक प्रदेश इकाई के दिस सँ एकर तैयारी पूरा कऽ लेल गेल अछि। जनसभा मे गठबंधन के सहयोगी दलक नेता लोकनिक सम्मिलित हेबाक सेहो संभावना अछि। एम्हर, पार्टी श्री खड़गे के पटना मे प्रस्तावित कार्यक्रम के निरस्त कऽ देलक अछि।

—————————————————————————————————

भाजपाक राष्ट्रीय प्रवक्ता शहनवाज हुसैन कहलनि अछि जे नव वक्फ कानून मुसलमान लोकनिक हित मे अछि। भागलपुर मे वक्फ सुधार जन जागरण अभियान के संबोधित करैत ओ कहलनि जे विश्व मे मुसलमान लोकनिक लेल भारत एहेन सुरक्षित देश आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जकाँ नेता कतहु नहिं भेटत।

—————————————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि अछि जे हज यात्री लोकनि के राज्य सरकारक दिस सँ सभ सुविधा प्रदान कयल जा रहल अछि। श्री कुमार अपन आवास पर आइ एहि वर्ष होबऽवला हज यात्रा के लऽकऽ एक उच्च स्तरीय बैसक कयलनि। ओ अधिकारी लोकनि के निर्देश देलनि जे श्रद्धालु लोकनि के सभ आधारभूत सुविधा उपलब्ध कराओल जायत। श्री कुमार कहलनि जे राज्यक विभिन्न स्थान पर हज यात्री लोकनिक सुविधा आ सुरक्षाक लेल वरिष्ठ अधिकारी लोकनिक प्रतिनियुक्ति कयल गेल अछि।

—————————————————————————————————

पश्चिमी विक्षोभक सक्रियता मे कमी अयला सँ प्रदेश मे एक बेर पुनः उच्चतम आ न्यूनतम तापमान मे लगातार वृद्धि भऽ रहल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला चार दिन मे उच्चतम तापमान मे चारि डिग्री सँ छओ डिग्री सेल्सियस जखनकि न्यूनतम तापमान मे दू डिग्री सँ चारि डिग्री सेल्सियस के वृद्धि हेबाक संभावना अछि। मौसम विभाग आइ पश्चिम चंपारण, सुपौल, अररिया, किशनगंज आ पूर्णियां मे एक दू ठाम तेज हवाक संग वर्षा आ ठनका खसबाक चेतावनी जारी कयलक अछि।

—————————————————————————————————

बिना मौसम वर्षा, अंधर आ ओलावृष्टि सँ राज्यक विभिन्न क्षेत्र सभ मे लागल गहुँमक फसलि के विशेष नोकसान भेल अछि। आम आ लीची के फसलि के सेहो नोकसान भेल अछि। एम्हर, खगड़िया के सांसद राजेश वर्मा असमय वर्षा आ तूफान सँ भेल क्षति के लऽकऽ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के पत्र लिखलनि अछि। श्री वर्मा फसलि सभ के भेल नोकसानक

सर्वेक्षण करेबाक आ किसान लोकनि के फसलि क्षति के मोआवजा दिएबाक अनुरोध कयलनि अछि।

————————————————————————————

खेल मंत्री सुरेन्द्र मेहता कहलनि जे राज्य मे खेलो इंडिया यूथ गेम्स दू हजार पचीसक आयोजन शानदार होयत। बेगूसराय मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे श्री मेहता कहलनि जे चारि मई के प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी पटना मे एहि खेल सभक उद्घाटन करताह। ओ जनौलनि जे एतेक पैघ आयोजनक तैयारी के लऽकऽ राज्यक विभिन्न भाग सभ मे खेलो इंडिया मे सम्मिलित विभिन्न खेल सभ सँ जुड़ल विद्या सभक भिन्न–भिन्न स्थान सभ पर प्रदर्शन कयल जायत।

————————————————————————————

आइ विश्व लीवर दिवस अछि। विश्वभरि मे लीवर के बीमारी के विषय मे जागरूकता बढेबाक लऽकऽ ई दिवस मनाओल जायत अछि। एहि अवसर पर प्रदेश मे कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल जा रहल अछि। एहि दरमियान लोकसभ के लीवर के बीमारी सँ बचेबाक लेल तैलीय आ चिकनाईवला खाद्य पदार्थ सँ दूर रहबाक आ स्वस्थ जीवनशैली अपनेबाक सलाह देल जा रहल अछि। विदित अछि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी विगत दिन लोकसभ सँ खाद्य तेलक कम सँ कम उपयोग करबाक आ जीवनशैली मे परिवर्तन आनबाक अपील कयने छलाह।

————————————————————————————

भारतक पहिल उपग्रह आर्यभट्ट आइ पचास वर्ष पूरा कऽ लेलक अछि। उनैस सय पचहत्तरि मे आजुक दिन प्रक्षेपित कयल गेल एहि उपग्रह के नाम महान भारतीय गणितज्ञ आ खगोलशास्त्री आर्यभट्ट के नाम पर राखल गेल छल। भारतीय अंतरिक्ष अनुसंधान संगठन–इसरो द्वारा निर्मित एहि उपग्रह के सोवियत संघ के मददि सँ कपुस्टिन यार सँ प्रक्षेपित कयल गेल छल। उपग्रह के उद्देश्य सौर भौतिकी एरोनॉमी आ एक्स–रे खगोल विज्ञान सहित कतेको क्षेत्र के पता लगायब अछि। एकर सफल प्रक्षेपण के संग भारत अंतरिक्ष कक्षा मे उपग्रह पठाबऽवला विश्व के एगारहम देश बनल छल।

————————————————————————————

समाप्त